РОССИЯ ИМПЕРИЯСЫНЫҢ ТӨМЕНГИ ӘМИЎДӘРЬЯ АЙМАҒЫН БАСЫП АЛЫЎЫ ҲӘМ КОЛОНИЯЛЫҚ СИЯСАТЫНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚЛАР ТУРМЫСЫНА ТӘСИРИ

Отегенов Хакимбай Максетбаевич – *тарийх илимлери бойынша философия докторы, доцент*
otegenovhakimbay764@gmail.com
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети

ЗАВОЕВАНИЕ РОССИЙСКОЙ ИМПЕРИЕЙ НИЖНЕАМУДАРЬИНСКОГО РЕГИОНА И ВЛИЯНИЕ ЕЁ КОЛОНИАЛЬНОЙ ПОЛИТИКИ НА ЖИЗНЬ КАРАКАЛПАКОВ

Отегенов Хакимбай Максетбаевич – *доктор философии по историческим наукам, доцент*
Каракалпакский государственный университет имени Бердаха

THE CONQUEST OF THE LOWER AMU DARYA REGION BY THE RUSSIAN EMPIRE AND THE IMPACT OF ITS COLONIAL POLICY ON THE LIFE OF THE KARAKALPAKS

Otegenov Khakimbay Maksetbaevich – *Doctor of Philosophy in Historical Science, Associate Professor*
Karakalpak State University named after Berdakh

Tayanch so‘zlar: Quyi Amudaryo, Amudaryo bo‘limi, Xiva xonligi, mustamlakachilik siyosati, harbiy-xalq boshqaruvi, soliqlar, 1916-yilgi qo‘zg‘olon.

Rezyume. Maqolada XIX asrning ikkinchi yarmi va XX asr boshlarida Rossiya imperiyasi tomonidan Amudaryo etaklarining bosib olinishi hamda mustamlakachilik siyosatining qoraqalpoqlar ijtimoiy-iqtisodiy hayotiga ta’siri tadqiq etilgan. Arxiv hujjatlari, nashr etilgan manbalar va dala materiallari asosida 1873-yilgi Xiva yurishi, Gandimiyon shartnomasidan keyin qoraqalpoqlarning ikki boshqaruv rejimi o‘rtasida bo‘linishi, harbiy-xalq boshqaruvi, yer-suv masalasi, ko‘chirish siyosati va soliq yukining ortishi tahlil qilingan. Mustamlakachilik rejimiga qarshi chiqishlar, eng avvalo, 1916-yilgi qo‘zg‘olon ko‘rib chiqiladi.

Ключевые слова: низовья Амударьи, Амударьинский отдел, Хивинское ханство, колониальная политика, военно-народное управление, налоги, восстание 1916 года.

Резюме. В статье исследуются завоевание низовьев Амударьи Российской империей во второй половине XIX – начале XX века и влияние колониальной политики на социально-экономическую жизнь каракалпаков. На основе архивных документов, опубликованных источников и полевых материалов анализируются Хивинский поход 1873 года, разделение каракалпаков между двумя режимами управления после Гандемианского договора, военно-народное управление, земельно-водный вопрос, переселенческая политика и рост налогового бремени. Рассматриваются выступления против колониального режима, прежде всего восстание 1916 года.

Key words: Lower Amu Darya, Amu Darya Department, Khanate of Khiva, colonial policy, military-popular administration, taxation, revolt of 1916.

Summary. The article examines the Russian Empire's conquest of the Lower Amu Darya region in the second half of the 19th and early 20th centuries and the impact of colonial policy on the socio-economic life of the Karakalpaks. Drawing on archival documents, published sources and field records, it analyses the Khiva campaign of 1873, the division of the Karakalpaks between two administrative regimes after the Gandumian treaty, the military-popular administration, the land and water question, resettlement policy and the growing tax burden. Protests against colonial rule, above all the revolt of 1916, are examined together with their causes and social significance.

Кириспе. XIX әсирдиң екинши ярымында Россия империясының Орайлық Азиядағы экспансиясы аймақ халықларының тарийхый тәғдирин түп-тийкарынан өзгертти. 1873-жылғы Хийўа жорығы ҳәм Ғандимян шәртнамасы нәтийжесинде Әмиўдәрьяның оң жағалаўы империя курамына өтти, ханлықтың өзи болса Россияның протекторатына айланды.

Усы ўақыялар қарақалпақлар ушын айрықша аўыр ақыбетлерге алып келди. Әсирлер даўамында бирге жасап киятырған бир халық еки түрли басқарыў режими астында қалды: оң жағалаўда империяның тиккелей әкимшилик қадағалаўы, шеп жағалаўда болса Хийўа ханлығы арқалы әмелге асырылатуғын жанапай тәсир орнады. Сол себепли колониялық басқарыўының қарақалпақлардың хожалық дүзилисине, социаллық курылысына ҳәм күнделикли турмысына қандай механизмлер арқалы тәсир еткенин анықлаў илимий әҳмийетке ийе.

Теманың үйренилиў дәрежеси бойынша әдебиятларды төрт топарға бөлиўге болады. Биринши топарды колониялық дәўириниң (1873–1917) мийнетлери курайды. Олардың қатарында Н.И.Гродековтың, М.А.Терентьевтиң, В.Н.Троцкийдиң әскерий-тарийхый шолыўлары, О.А.Шкапскийдиң аграр мәселеге арналған очерклери бар [6, 12, 14, 16].

Екинши топар – совет дәўириниң изертлеўлери. Р.Қосбергенов, Т.Г.Тухтаметов, К.Сарыбаев, А.Төреев, И.В.Погорельский ҳәм Н.А.Халфинниң мийнетлеринде архив материаллары кең пайдаланылды [8, 9, 10, 11, 13, 15, 24].

Үшинши топарды ғәрезсизлик жылларындағы изертлеўлер курайды. Н.А.Абдурахимованың, А.Жалиловтың ҳәм басқа да авторлардың мийнетлеринде бурын қолжетимсиз болған дереклер илимий айланысқа киргизилди [1, 7]. Төртинши топар – шет ел изертлеўлери. С.Беккер, Э.Д.Сокол, А.Моррисон ҳәм Т.Уяманың мийнетлеринде империяның Орайлық Азиядағы басқарыў модели ҳәм 1916-жылғы көтерилис салыстырмалы көз-қарастан талланған [17, 18, 19, 23].

Соған қарамастан, Төменги Әмиўдәрьядағы колониялық сиясатының қарақалпақлар турмысына тәсири ҳәзирге шекем комплексли түрде үйренилмеген. Мақаланың мақсети – басып алыў процесин, колониялық сиясатының өзине тән өзгешеликлерин ҳәм

оған қарсы наразылықлардың социаллық әҳмийетин бирден-бир контекстте көрсетип бериў.

Материаллар ҳәм методлар. Изертлеўдиң методологиялық тийкарын тарийхыйлық ҳәм әдиллик принциплери қурайды. Жумыста проблемалық-хронологиялық, салыстырмалы-тарийхый, санлық талқылаў ҳәм системалы анализ усыллары қолланылды.

Дереклер базасы төрт топардан ибарат:

1. Архив ҳүжжетлери: Өзбекстан Республикасы Миллий архивиниң Түркистан генерал-губернаторы кеңсеси фонды (И-1) ҳәм Россия мәмлекетлик әскерий-тарийхый архивиниң 400-фонды [21].

2. Статистикалық материаллар: 1912–1913-жыллары Әмиўдәрья бөлиминде өткерилген хожалық тексериўиниң нәтийжелери [22].

3. Автордың 2015–2019-жыллары Хожели, Шымбай ҳәм Тахтакөпир аймақларында жыйнаған дала жазыўлары, соның ишинде 1916-жылғы көтерилис қатнасыўшыларының урпақларының еслеўлери.

Нәтийжелер. *Әскерий ҳәрекетлер ҳәм 1873-жылғы Хийўа жорығы.* Төменги Әмиўдәрьяға әскерий кирип келиў 1873-жылдан әдеўир бурын басланған еди. 1847-жылы генерал Обручев отряды Арал теңизиниң арқа-шығыс жағасын ийелеп, Райым қорғанын салды.

1873-жылы февральда жорық басланды. Хийўаға Красноводск, Маңғыстаў, Оренбург ҳәм Түркистан отрядлары бағдарланды, улыўма басшылық генерал К.П.фон Кауфманға тапсырылды. Россия отрядларында 13 000 адам ҳәм 56 топ болса, ханлықтың шама менен 6 000 әскери ҳәм 27 ескирген топы бар еди.

Оренбург отряды 23-майда Айбуғыр арнасына жетип, ертеңине Қоңыратқа кирди. Жорық ақыбетинде империя шегарасы 300 миль қубла тәрепке жылжыды.

Жорықтың экологиялық ақыбетлери де аўыр болды. 1873-жылы рус әскерлери Үлкендәрьядағы егислерди суў менен тәмийинлеп турған 8 бөгетти партлатты.

Оң ҳәм шеп жағалаўдың бөлиниўи ҳәм «әскерий-халық» басқарыўы. Ғандимян шәртнамасынан кейин Әмиўдәрьяның оң жағалаўында Шорахан ҳәм Шымбай участкаларынан ибарат Әмиўдәрья бөлими дүзилди. Шеп жағалаў болса Хийўа ханлығы қурамында қалдырылды.

Бул бөлиниў «бөлип ал да, ҳүкимдарлық ет» принципине толық сәйкес келди. Мәмлекетлик шегараның белгилениўи менен әсирлер даўамында қәлиплескен экономикалық ҳәм мәдений байланыслар бузылды.

Түркистанда, соның ишинде Әмиўдәрья бөлиминде Кавказда сыналған «әскерий-халық» басқарыўы енгизилди [4, 15]. «Үлкени басқарыў ҳаққындағы низамлар»дың 1865, 1867, 1873, 1886, 1901 ҳәм 1903-жыллардағы редакциялары пайда болды. Басқарыўдың барлық звеносы әскерийлердиң қолына өтип, әсирлер бойы қәлиплескен халық басқарыўының өзгешеликлери әсте-ақырын жоғала берди.

Жер-суў мәселеси жергиликли дийқанлар ушын ең аўыр мәселе болып қалды. Бөлимдеги канал ҳәм арықлардың улыўма саны 630 нан асып, узынлығы 2 700 верстке жетти.

1912–1913-жыллардағы тексериў нәтийжелери дийқанлардың жерге ийелик дәрежесиндеги терең теңсизликти көрсетеди [22]:

1. тексерилген 31 256 хожалықтың 17 процентten асламы пүткиллей жерсиз еди;

2. 59 процент хожалықта орташа бир десятинадан жер бар еди;

3. халықтың 4,7 проценти барлық егис майданларының 40 процентten асламын қолында услап турды.

XX әсир басында патшалық ҳүкимет «жергиликли халықтың ықтыярындағы жерлерде жабайы өсетуғын барлық тоғайларды» мәмлекет мүлки деп жәриялады. Нәтийжеде бөлимдеги шама менен 4 100 десятина шөл ҳәм тоғай орманлары орман қадағалаўына өтти. Дийқанлар қыслаў, жайлаў ҳәм егис майданларынан айрылды.

Көшириў сиясаты да айрықша өзгешеликке ийе болды. 1875-жыл сентябрьде Әмиўдәрья бөлимине Урал казакларының биринши топары келди. Империяның сүйениши сыпатында тек православ ямаса христиан динине исенетуғын көшип келиўшилер таңланды.

Колониялық басқарыўы дәўиринде салықлар үзликсиз өсип барды. 1875–1893-жыллары бөлимнен жыйналатуғын салықлардың улыўма муғдары 97 мың рубльден 170 мың рубльге көтерилди. 1913-жылы бул көрсеткиш 217 690 рубльге, 1915-жылы 457 634 рубльге жетти, яғный еки жыл ишинде еки есеге артты.

Биринши дүнья урысы бул аўырманлықты кескин күшейтти. 1915-жылы 20 процентten ибарат арнаўлы әскерий салық енгизилип, белгиленген салықларға 100 процентлик үстеме қосылды. Отырықшы халықтың салықлары 1912-жылы 78 692 рубль болса, 1915-жылы 144 551 рубльге көтерилди. Сол дәўирде пахтаның баҳасы тек 50 процентке өскен болса, газлама баҳасы 270 процентке шекем көтерилди.

Колониялық сиясатқа қарсы наразылықлар. Колониялық сиясаты дәслепки жыллардан-ақ наразылықларды пайда етти [3]. 1876-жылы полковник Носович басшылығындағы Шөлкемлестириў комиссиясы ислеп атырған ўақытта Шымбай участкасынан 400 ге жақын хожалық (шама менен 2 мың адам) шеп жағалаўға көшип кетти. 1887–1891-жыллары Шорахан участкасының Шаббаз ҳәм Бийбазар болысларында Бобо Гөклен басшылығында көтерилис болды.

XX әсир басында наразылықлар жийиледи. 1907-жылы Томды болысының халқы бөлим баслығының отрядларына қуралланған қарсылық көрсетти.

Қарама-қарсылықтың ең жоқары шыңы 1916-жылғы көтерилис болды [2, 5, 13, 20]. 1916-жыл 25-июньдеги патша пәрманы бойынша Сырдәрья ўәлаятының әскерий губернаторы Әмиўдәрья бөлиминен 5 348 адамды фронт артындағы жумысларға мобилизациялаўды буйырды. Ҳәрекет 24-июльде Петро-Александровск болысының 200 ге жақын ҳаял-қызларының наразылығынан басланды.

29-июльде Шымбайда ҳәр қыйлы болыслардан келген мыңнан аслам адам, соның ишинде көплеген ҳаял-қызлар мобилизацияны бийкарлаўды талап етти. Бөлим баслығы полковник Колосовский жүз казактың жәрдеминде наразылықты бастырып, 103 адамды, соның ишинде 18 ҳаял-қызды қамаққа алды.

Хийўа ханлығында наразылықлар алты түрли формада көринди: салық ҳәм миннетлерден бас тартыў, айырым әмелдарларға ҳүжим етиў, жаза отрядларына қуралланған қарсылық, Россия пуқаралығына өтиў ҳаққында көпшилик арзалары, оң жағалаўға өз бетинше көшип өтиў ҳәм хан ҳәкимиятына қарсы ашық көтери-

лис. 1916-жыл 14-январьда Хожелиде Әўезжан хожа басшылығында 500–600 адамлық отряд дүзилип, Хийўаға қарай атланды.

Талқылаў. Алынған нәтийжелер колониялық сиясатының бир қатар өзгешеликлерин көрсетеди. Биринши, қарақалпақлардың еки түрли басқарыў режимине бөлиниўи колониялық тәсириниң тек тиккелей емес, жанапай да болғанын көрсетеди. Оң жағалаўда империя басқарыўды толық әскерийлердиң қолына берген болса, шеп жағалаўда ол хан ҳәкимиятын сақлап, оның салық ҳәм миннетлер системасынан пайдаланды. Нәтийжеде шеп жағалаў дийқанлары «еки қабат» езиўди бастан кеширди, бул Бердақтың «Ахмақ патша» дәстанында да өз сәўлесин тапқан.

Екинши, көшириў сиясаты экономикалық мақсетлер менен бирге идеологиялық мақсетлерге де бағдарланды. Көшип келиўшилердиң диний белгиси бойынша таңланыўы империяның аймақтағы ҳәкимиятына исенимли тирек жаратыў ҳәм жергиликли халықларды бирлестирип турған тарийхый, хожалық ҳәм руўхый тийкардан айырыў ниетин көрсетеди.

Үшинши, 1916-жылғы көтерилис совет тарийхнамасында көбинесе тек класлық гүрестиң көриниси сыпатында талқыланды. Дала жазыўлары ҳәм архив материаллары оның тийкарғы себеплериниң салықлардың асассыз өсиўи, әмелдарлардың өз лаўазымын суйистеймал етиўи ҳәм халықтың қәдириятларының есапқа алынбаўы болғанын көрсетеди. Ҳаял-қызлардың белсене қатнасыўы ҳәрекеттиң кең халықлық характерге ийе болғанын тастыйықлайды.

Жуўмақ. Изертлеў нәтийжесинде төмендеги жуўмақларға келинди.

1. Жер ҳәм суўдың теңсиз бөлистирилиўи, тоғайлардың мәмлекет мүлкине айландырылыўы ҳәм салықлардың 1875–1915-жыллары төрт есеге шекем өсиўи дийқанлардың аўҳалын кескин аўырластырды.

2. 1876-жылдан 1916-жылға шекемги наразылықлар, әсиресе 1916-жылғы көтерилис, колониялық сиясатының нызамлы нәтийжеси болды. Олар қарақалпақлардың басқа халықлар менен бирге шөлкемлескен түрде ҳәрекет ете баслағанын көрсетеди.

Изертлеў нәтийжелеринен «Қарақалпақстан тарийхы» пәнин оқытыўда, колониялық дәўирине арналған арнаўлы курсларды ислеп шығыўда ҳәм аймақ тарийхы бойынша улыўмаластырыўшы мийнетлерди таярлаўда пайдаланыўға болады.

Әдебиятлар

1. Абдурахимова Н.А. Туркистонда чор мустамлака тизими. – Тошкент: «Академия», 2002.
2. Алексеенков П. Хивинское восстание 1916 года. – Ташкент: «САНИИР», 1930..
3. Борьба трудящихся Каракалпакии против социального и колониального гнета (1873 – февраль 1917 г.). – Ташкент: «Фан», 1971.
4. Васильев Д.В. Бремя империи. Административная политика России в Центральной Азии. Вторая половина XIX в. – Москва: Политическая энциклопедия, 2018.
5. Восстание 1916 года в Средней Азии. Сборник документов / Под ред. П.Г. Галузо. – Ташкент: Госиздат УзССР, 1932.
6. Гродеков Н.И. Стратегический обзор Хивинского ханства. – Ташкент: 1882.
7. Жалилов А. Из истории каракалпаков XIX – начала XX вв. – Ташкент: «Фан», 1986.
8. Қосбергенов Р. Қарақалпақстанның Россияға қосылыўы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1972.
9. Қосбергенов Р. XIX әсирдиң ақыры – XX әсирдиң басында Хийўа ханлығындағы қарақалпақлардың аўҳалы. – Нөкис: Қарақалпақ мәмлекет баспасы, 1960.
10. Погорельский И.В. Очерки экономической и политической истории Хивинского ханства конца XIX – начала XX века (1873–1917). – Ленинград: 1968.
11. Сарыбаев К. Аграрный вопрос в Каракалпакии (конец XIX – начало XX вв.). – Нукус: «Каракалпакстан», 1972..
12. Терентьев М.А. История завоевания Средней Азии. Т. 1–3. – Санкт-Петербург: 1906.
13. Төреев А. Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1967.
14. Троцкий В.Н. Материалы для описания Хивинского похода 1873 года. Описание действий туркестанского отряда. – Ташкент: 1881.
15. Тухтаметов Т.Г. Амударьинский отдел (социально-экономическое и политическое значение для Хорезмского оазиса). – Нукус: «Каракалпакстан», 1977.
16. Шкапский О. Аму-Дарьинские очерки. К аграрному вопросу на Нижней Аму-Дарье. – Ташкент: 1900.
17. Becker S. Russia's Protectorates in Central Asia: Bukhara and Khiva, 1865–1924. – Cambridge, MA: Harvard University Press, 1968.
18. Morrison A. Metropole, Colony, and Imperial Citizenship in the Russian Empire // Kritika: Explorations in Russian and Eurasian History. – 2012. – Vol. 13, No. 2. – P. 327–364.
19. Sokol E.D. The Revolt of 1916 in Russian Central Asia. – Baltimore, MD, 1954.
20. Otegenov X.M. Xiva xonligi va Amudaryo bo‘limidagi 1916-yilgi xalq qo‘zg‘olonlari. – Nukus: «Ilimpaz», 2021.
21. Өзбекстан Республикасы Миллий архиви. И-1-фонд, 31-дизим, 1104-иш.
22. Материалы по обследованию кочевого и оседлого туземного хозяйства и землепользования в Амударьинском отделе Сыр-Дарьинской области. Вып. 2. – Ташкент: 1915.
23. Uyama T. A Particularist Empire: The Russian Policies of Christianization and Military Conscription in Central Asia // Empire, Islam, and Politics in Central Eurasia. – Sapporo: 2007.
24. Халфин Н.А. Присоединение Средней Азии к России (60–90-е годы XIX века). – Москва: 1965.